



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 27 mas 2014

GOUVÈNÈ CUOMO DEWALE PWOGRAM REZISTANS TRANSPÒTASYON \$4.9 BILYON DOAL

Pwojé MTA ak Port Authority ta pwoteje enfrastrikti vital kont pwochen tanpèt yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te devwale yon pwogram rezistans transpòtasyon kowòdone pou ede prepare rejyon an pou pwochen ijans yo, redwi enpak sou pwochen tanpèt nan enfrastrikti transpòtasyon enpòtan, ak amelyore dirabilite ak rezistans alontèm nan rezo transpò piblik.

Sou direksyon Gouvènè Cuomo, Metropolitan Transportation Authority (MTA), Port Authority New York ak New Jersey (PANYNJ) ak Kòporasyon Devlopman Estasyon Moynihan (MSDC) te travay ansanm pou prepare yon plan ki konsidere bezwen transpòtasyon ak priyorite sou yon nivo rejyonal, nan fason pou pwoteje kont tanpèt ki pi fò ak pi frekan nan lavni.

Yon eleman enpòtan nan plan an se pou pwoteje aksè wout vwayajè yo nan Manhattan, nan ranfòse sèvis tren ki egziste deja nan Penn Station ak bay sèvis altène a Penn Station pou kliyan MTA chemendefè Metro-North nan ka yon defayans nan yonsèl pwèn nan rezo ki egziste nan anwo Manhattan ak nan Bronx.

“Repons nou a plizyè bilyon dola nan domaj gwo tanpèt Sandy te lakoz sistèm transpòtasyon nou an rebati pi solid, pi byen ak pi entelijan pase anvan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwojè sa yo te bati sou angajman Eta pou transfòme enfrastrikti nou an, rezo transpòtasyon, apwovizyonman enèji, ak pwoteksyon bò lanmè pou pi byen pwoteje Nouyòkè yo kont pwochen dezas.”

Plan Gouvènè Cuomo pral soumèt semèn sa a bay Administrasyon Tranzit Federal (FTA), ki te mete \$3 bilyon dola disponib pou pwogram rezistans nan tout rejyon ki te afekte pa Sandy. Plan New York gen ladan pwojè ki vo \$4.9 bilyon dola. Aplikasyon eta depase disponibilite federal finansman paske pwojè yo reprezante yon vas nesosite New York ap fè fas nan eseye pwoteje enfrastrikti enpòtan l.

Efò pou rezistans a rezo aksè Penn Station ta bay Metro-North yon lòt mwayen pou antre midtown Manhattan liy prensipal li a kat vwa nan Bronx oswa rivyè Harlem Leve Pon pat janm pètibe pou yon long peryòd. Yon pann ta kanpe vwayaj ale retou nan tren nan banlye nò New York ak nan sid Connecticut, avèk yon enpak devastatè nan ekonomi rejyon an. Li te gen yon estimasyon depans \$516

Haitian Creole

milyon dola, ladan \$387 milyon elijib pou finansman federal.

Efò rezistans chemendefè rivyè-a-rivyè ta pwoteje tinèl rivyè lès ak Penn Station, ki te itilize pa chemendefè MTA nan Long Island ansanm avèk Amtrak ak NJ Transit. Li te gen yon estimasyon depans \$321 milyon dola, ladan \$241 milyon elijib pou finansman federal.

Plan an egalman ranfòse enfrastrikti ak amelyore rezo rezistans pou tout fòm transpò nan New York. Lòt pwojè yo te kapab atenyè risk inondasyon nan lakou transpò tren ak depo otobis nan ranfòse estrikti yo; sele antre pou tinèl tren ak izin ventilasyon yo; fè sit World Trade Center vin pi rezistan kont antre dlo; ak amelyore operasyon nan tèminal otobis Port Authority pou bay sèvis altène pandan pann tren.

Plan Gouvènè Cuomo an gen ladan egalman pwojè pou amelyore vwa rapid liy tanspò jiska Manhattan , ayewopò entènasyonal John F. Kennedy International stasyon AirTrain nan Howard Beach nan Queens, ak chemendefè Staten Island.

Depite Charles Rangel te deklare, “Yon fwa ankò, mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te kondwi peyi a nan adrese youn nan kesyon ki pi enpòtan nan ogmante enfrastrikti 20yèm syèk aktyèl pou satisfè demann 21^{yèm} syèk la. Nou pa kapab kontinye ap inyore pwoblèm kap souleve a akòz de enfrastrikti nou an ki aje. Nan kongrè a, mwen te kontinyèlman ap goumen pou investiman nan enfrastrikti paske mwen konnen yo pa sèlman modènize enfrastrikti, men egalman ede jenere djòb ak stimile ekonomi an. Mwen gen konfyans ke nouvo plan Gouvènè a pral ede amelyore kalite lavi pou Nouyòkè yo.”

“Transpò piblik se literalman motè ki sou antandi ekonomik dinamik vil New York. Anpil Nouyòkè konte sou sistèm nan tankou sèl mwayen transpòtasyon,” te deklare Depite Eliot Engel. “Gwo tanpèt Sandy te souliye defisyans grav nan sistèm transpòtasyon piblik nou an, e kounye a, Gouvènè Cuomo ap pran aksyon desiziv ki pi fò pou adrese vilnerabilite sa yo. Pwojè sa yo pral ede asire bezwen enpòtan transpòtasyon nan vil New York pral rete operasyonèl ak dirab fas a pwochen ijans yo.”

“Pwojè rezistans transpòtasyon sa yo se yon etap avans enpòtan nan pwoteje fanmi, kominote, ak ekonomi nou an kont enpak yon lòt dezast natirèl grav,” te deklare Depite Nita M. Lowey, ki se yon manm nan Komite House Appropriations, li te yon enstriman nan pase èd soulajman Sandy \$60 bilyon dola ki pral sipòte pwogram sa a. “Patenarya efikas lokal, eta, ak federal nan sipòte inisyativ sa a pral asire ke kay, biznis, ak sekirite Nouyòkè yo pi byen pwoteje nan lavni. Gouvènè Cuomo avèk mwen pral kontinye travay ansanm avèk delegasyon kongrè New York pou fè tout sa ki posib pou asire preparasyon eta New York.”

“Gwo tanpèt Sandy gen konsekans devastatè nan fason nap viv lavi nou ak nan fason ekonomi lokal nou an travay- patikilyèman nan enfrastrikti transpòtasyon nou an. Mwen fyè paske mwen te lite pou pi gwo finansman pou soulajman Sandy nan Kongrè a e paske mwen te travay avèk Gouvènè Cuomo pou rann li posib. Nap investi tan ki pi nesèsè ak resous nan jwenn aktif transpòtasyon esansyèl kap travay ankò pandan egalman lap prepare enfrastrikti nou an pou l vini pi rezistan ak pwoteje kont pwochen tanpèt,” te deklare Depite Jerrold Nadler. “Pandan nap avanse nan rekouvremant de gwo tanpèt Sandy,

Haitian Creole

Mwen pral kontinye travay avèk Gouvènè a pou repare enfrastrikti transpòtasyon nou an kont enpak devastasyon katastwòf terib sa.”

Depite Peter King te deklare, “Nan pasaj devastasyon an ak enpak kontinyèl gwo tanpèt Sandy, plan pral fè yon chemen long pou asire yon rezo transpòtasyon ki pi rezistan.”

Reprezantan Carolyn Maloney te deklare, “Nou pa ka sèlman konsantre sou rekouvremant nan Sandy, nou dwe tou prepare pou pwochen two tanpèt la,” te deklare Depite Carolyn Maloney. “Plan rezistans Gouvènè a te montre a pral fè nou avanse nan direksyon bi sa a. Nou te deja sekirize yon kantite enpòtan nan finansman federal pou plan sa a, e mwen pral kontinye travay pou asire ke New York gen resous li bezwen pou l prepare l.”

Depite Greg Meeks te deklare “Sekirite nou se priyorite nimewo en mwen. Ranfòse sistèm transpòtasyon piblik NYC, espesyalman nan zòn bò lanmè yo tankou nan Queens ak Nassau, li absoliman esansyèl pou pwoteje kominote nou yo nan lavni kont dezast natirèl yo. Envestisman sa yo konsantre sou resous ki esansyèl pou bati yon sistèm transpò ki pi bon, pi rezistan ak abondan pou kominote nou an. Mwen sipòte plènmàn efò Gouvènè Cuomo e map kontinye travay avèk ofisyèl lokal, eta, ak federal pou priyorize investisman enpòtan yo pou amelyore sekirite nou.

Depite Joe Crowley te deklare, “Fè sistèm transpòtasyon New York pi rezistan a dezast yo, se san dout yon nesosite nan yon vil ki se sant ekonomi peyi a tankou pa nou an. Apre gwo tanpèt Sandy, nou te wè kijan enkapasite vil nou an lè rezidan yo pat kapab itilize transpò yo depann sou li pou yo ale travay chak jou. Mwen kontan ke Gouvènè Cuomo te fè sa yon priyorite li espesyalman enpòtan pou moun yo ki nan Queens ak Bronx ki genyen opsyon transpò limite. Mwen egalman kontan ke plan an gen ladan yon pwopozisyon pou pote sèvis Metro North nan lès Bronx, yon pwojè ke mwen te travay sou li pou preske yon deseni. Map rete tann apwobasyon Administrasyon Tranzit Federal kidonk nou ka kontinye ranfòse enfrastrikti transpòtasyon vil nou an.”

Depite Steeve Israel, “Asire ke enfrastrikti transpòtasyon piblik nou an rezistan fas a pwochen tanpèt e li esansyèlman enpòtan pou plizyè milye Nouyòkè mwen reprezante ki depannde toulède LIRR ak MTA pou ale nan travay ak nan aktivite kotidyen yo. Mwen pral kontinye batay pou pwogram finansman federal tankou sa a, kidonk pandan nap kontinye rebati kont gwo tanpèt sandy, nap rebati pi solid.”

“Anpil moun nan Long Island pran tren Long Island pou ale ak retounen nan travay chak jou, konte sou disponibilite sistèm transpòtasyon sa pou sipòte fanmi yo,” te deklare Depite Tim Bishop. “Li reyèlman enpòtan ke nou travay ansanm tankou yon rejyon pou amelyore enfrastrikti transpòtasyon nou an kidonk nou kapab minimize enpak aktivite meteyolojik grav tankou Gwo tanpèt Sandy. Nan planifye alavans ak adrese vilnerabilite yo bonè, nou pral pi byen prepare pou pwochen tanpèt yo.”

Depite Yvette Clarke te deklare, “Sekirite nou depann sou devlopman wout, pon, ak transpò ankommen kapab reziste a tanpèt yo tankou siklòn Sandy. Devastasyon ki te fèt nan Gerritsen Beach ak Sheepshead Bay ak nan lòt pati yo nan Eta New York, lè plizyè milye fanmi pa t gen aksè menm avèk nesosite debaz,

Haitian Creole

nou pa ka kite sa rive ankò.”

Depite Michael G. Grimm te deklare, “Li entelijan ak pridan pou konsolide pwo-aktivman rezistans sistèm transpòtasyon piblik nou an, sa ki prale yon long chemen nan atenye enpak gwo tanpèt yo tankou Sandy ak akselere rekouvremant apre dezast la pou fè kominote nou an kanpe ak fonksyone nan yon fason ki ansekirite ak efikas.”

“Plizyè milye vwayajè nan Hudson Valley depann sou Metro-North, e kòm nap prepare pou pwochen tanpèt la, pa gen yon minit pou nou pèdi nan fè investisman ki entelijan pou bati yon sistèm ki pi rezistan,” te deklare Depite Sean Patrick Maloney.

“Aprè tanpèt Sandy te fè ravaj nan rejyon nou an, li te vini klè ke nou bezwen pou investi plis resous pou pwoteje enfrastrikti transpòtasyon nou an kont pwochen tanpèt yo, e plan sa a ta ale nan yon long wout nan bi pou akonpli objektif sa,” te deklare Depite Grace Meng. Map rete tann pou m travay avèk Gouvènè a pou akonpli pwogram enpòtan sa.”

Pwojè sa yo te bati sou angajman Gouvènè Andrew M. Cuomo pou transfòme enfrastrikti New York, rezo transpòtasyon yo, apwovizyonman enèji, pwoteksyon bò-lanmè, sistèm alèt meteyolojik ak jesyon ijans pou pi byen pwoteje New York yo kont pwochen move tan. Kèk nan pwojè sa yo deja sou pye nan eta New York ap bati sistèm deteksyon tanperati ki pi avanse nan peyi a, avèk 125 estasyon meteyo ki konekte pou bay avètisman nan tan reyèl nan tan ak kondisyon meteyo ekstrèm ak kondisyon inondasyon; Lanse preparasyon premye kolèj preparasyon pou ijans nan peyi an, Homeland Security, ak sibè sekirite; bati nouvo enfrastrikti pou pwoteje zòn kotyè New York yo, ak bay kontwòl avanse pou inondasyon nan vwa navigab yo; ak elaji pwogram rekonstriksyon kominotè \$650 milyon dola NY Rising pou pèmèt 124 kominote nan eta kreye pwòp plan rezistans endividalize pou tanpèt.

Pwojè transpòtasyon yo ki te soumèt a FTA liste anba nan lòd priyorite pou MTA ak Pò Otorite. Yo tout te prepare nan itilize yon envantè konplè ak evalyasyon risk pou idantifye aktif vilnerab yo ak pwoteje sèvis enpòtan yo. Pwojè sa yo konsistan avèk rekòmandasyon nan plizyè rapò ki te pibliye pa vil la, eta ak òganizasyon nasyonal yo ki vize nan amelyore rezistans enfrastrikti, e li pral kowòdone avèk lòt priyorite rejyonal yo, sa ki gen ladan sa yo ki finansè pa lòt ajans federal yo.

(An milyon) Piyorite	Non Pwojè a	Kou Pwojè a	Benefis Federal
	GranTotal NYS FTA Tier III Aplikasyon Pwojè	\$4,930	\$3,628
Pwojè Piyorite MTA (NYCT, Metro-North, LIRR)			

1	Amelyorasyon Rezistans nan Aksè Rezo Penn Station (Metro-North)	\$516 dola	\$387 dola
2	Rezistans pou Tren Rivyè-a-Rivyè (LIRR/Amtrak)	\$321 dola	\$241 dola
3, 4, 5	Investisman ki relye yo, chak avèk sèvis piblik endepandan, pou anpeche entrizyon dlo nan sistèm tren (NYC Transit)		
	Pwoteksyon ouvèti nan nivo lari yo	\$401 dola	\$301 dola
	Pwoteksyon pòtay tinèl ak sele tinèl entèn yo , Pwojè <i>Scaled</i>	\$23	\$17
	Ranfòse izin vantilasyon yo	\$127 dola	\$95
6	Ranfòse sou-estasyon yo , Pwojè <i>Scaled</i> (NYC Transit)	\$106 dola	\$80
7	Limite Inondasyon nan Lakou yo, <i>Pwojè a ti echèl</i> (NYC Transit)	\$507 dola	\$380 dola
8	Amelyore Kapasite Ponp yo (NYC Transit)	\$32	\$24
9	Ranfòse Ekipman dwa pasaj (NYC Transit)	\$85	\$64
10	Ranfòse Estasyon Entèn (NYC Transit)	\$26	\$20
11	Rezistans Inondasyon pou Depo Otobis enpòtan (NYC Transit)	\$60	\$45
12	Liy Pwoteksyon Rockaway (NYC Transit)	\$182 dola	\$137 dola
13	Limite Inondasyon pou estasyon tren Staten Island (NYC Transit)	\$205 dola	\$154 dola
14	Rezistans pou enèji ak siyalizasyon (Metro-North)	\$50	\$38

15	Rezistans nan lakou tren Vil Long Island (LIRR)	\$25	\$19
16	Limite Inondasyon nan lakou yo, <i>Pwojè Scaled adisyonèl</i> (NYC Transit)	\$316 dola	\$237 dola
17	Amelyorasyon Kominikasyon Ijans (NYC Transit)	\$100	\$75
18	Rezistans pou inondasyon pou etablisman sipò enpòtan yo. (Transpò NYC)	\$31	\$23
19	Ranfòse sou-estasyon yo, <i>Balans pwojè</i> (Transpò NYC)	\$43	\$32
20	Limite Inondasyon nan lakou yo, <i>Balans pwojè</i> (Transpò NYC)	\$681 dola	\$511 dola
21	Pwoteje pòtay tinèl yo ak Sele Tinèl Entèn, <i>Balans Pwojè</i> (Transpò NYC)	\$35	\$26
TOTAL		\$3,872	\$2,904
PANYNJ Pwopjè Priorite (Lokasyon NYS yo)			
1	Amelyorasyon rezistans– World Trade Center	\$413 dola	\$310 dola
2	Tèminal Otobis Port Authority– Anèks Otobis Galvin Plaza	\$400 dola	\$230 dola
3	PATH – Ninth Street Crossover	\$95	\$71
4	AirTrain – Howard Beach	\$19	\$14
5	Rezèv Enèji - Tèminal Otobis Pò Otorite	\$9	\$7
PANYNJ Total (NY)		\$936	\$632
Devlopman Kòporasyon Moynihan (aplikasyon yo te soumèt nan PANYNJ)			

6	Moynihan/Penn Water Proofing & Ranfòse Sistèm sekirite Lavi, Enèji Elektrik	\$122	\$92
PANYNJ Total (NY)		\$122	\$92

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418